

Къэкlуэнур зейхэмрэ щэнхабзэ лъапlэныгъэхэмрэ

2-нэ нап.



«Махуэку»

3-нэ нап.



Галереер къызэlуахыж

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщIэсуи Iэ тевдзэ хъунущ. Абы папщIэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикIуэн хуейуэ араш.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№130 (25.036) • 2026 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 29, махуэку • ТхьэмахуэмщэкъыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ





Тхыдэ бей зиIэ еджапIэ

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетыр илъэс 45-рэ ирикъуащ. ЕджапIэм и махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.



«Профессорхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, мэкъумэш щIэныгъэм и ветеранхэмрэ университетым и студентхэмрэ гурэ псэкIэ сохъуэхъу мыхьэнэшхуэ зиIэ мы махуэмкIэ, - иритхащ Iэтащхьэм и интернет напэкIуэцIым. - 1981 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым мелиорацэмкIэ и институт къыщызэIуахауэ щытащ ди республикэм. Илъэс пщIы бжыгъэ блэкIам кърикубыдэу, абы щылэжьахэм тхыдэ бей къызэранэкIащ. Республикэм дежкIэ мэкъумэшым и мыхьэнэр къагурыIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэу щыта Мэлбахъуэ Тимборэ Къубатий и къуэмрэ КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэмрэ абы ди щIыналъэм ущыхуеджэныр тынш ящIын папщIэ, ялъэкI къагъэнакъым. Сыт хуэдэ лъэхъэнэми республикэм мэкъумэш щIэныгъэм гулъытэшхуэ хуищIащ.

Нобэрей университетыр къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм язщ, Урысейри ди республикэм и мэкъумэш комплексри зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр игъэхьэзыру. ЕджапIэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуещI мэкъумэш щIэныгъэхэми.

Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетыр щIыналъэхэм зэдай еджапIэщ, Урысей ипщэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтхэм я нэхъыфIхэм хабжэу. Абы мин бжыгъэкIэрэ къыщIигъэкIащ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI щIэныгъэлI зэчиифIэхэр.

Дэ ди япэ ита нэхъыжьхэм пхаша гъуэгум дрикIуэу араш - университетыр мылъкурэ Iэмэпсымэкlэ къызыдогъэпэщ, мэкъумэшым къыщыщхьэпэну программэхэмкIэ IэщIагъэлIхэр догъэхьэзыр.

Урысейм Мэкъумэш Iуэхухэмкlэ и министерствэр университетым и инфраструктурэм зиужьынымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ мэхъу.

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым и лэжьакIуэ гупым ягъэзащIэ къалэн лъапIэр ехъулIэныгъэ яIэу ирахьэкIыну сохъуэхъу, Урысейми ди республикэми заужьын папщIэ, егъэджэныгъэми щIэныгъэми щефIэкIуэну си гуапэщ!»

Лэжьэну къакIуэхэм я Iуэхукlэ



КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и жэрдэмкIэ иджыблагъэ екIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ лэжьапIэ лъыхъуэу нэгъуэщI щIыналъэхэмрэ къэралхэмрэ къикIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къакIуэхэм.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэхэу Жанатаев Сэлимрэ Къардэн Муратрэ, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд Iуэхущlапlэмрэ щыIэ Дыщэкl Мадинэ, депутатхэр, республикэм и министерствэхэм я лIыкIуэхэр, районхэмрэ къалэ округхэмрэ лэжьапIэ Iэнатlэхэмкlэ я центрхэм я унафэщIхэр.

Зэlущlэр къыщызэIуихым, зи гугъу тщIы комитетым и унафэщI Къэжэр Хъусен жиIащ мы зэманым мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ къыщэгъэIэтар, лэжьыгъэ щхьэкIэ цIыхухэр Iэпхъуэшапхъуэу зэрыщытыр къэплъытэмэ. Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ Iэпхъуэшапхъуэхэр щымыкуэдми, IэщIагъэ щхьэхуэхэм я лэжьакIуэхэм республикэр хуэныкъуэщ. Депутатым къыхигъэщащ, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным хуэунэтIауэ, иджыблагъэ КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм республикэр зыхуэныкъуэ лэжьакIуэхэр къэзыгъэлъагъуэ коэффициентыр 3,3-уэ зэрыщагъэувар. Къэжэр Хъусен зэрыжиIамкIэ, а бжыгъэр Кавказ Ищхъэрэми Урысей Федерацэми щынэхъ лъагэ дыдэхэм ящыщщ. Апхуэдэу ягъэбелджылыныр къызыхэкIар лэжьапIэ Iэнатlэхэр псом япэу щIыпIэм щыпсэухэм къалъысын папщIэщ.

Къэпсэлъам къихьа бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, нэгъабэ Iэпхъуэшапхъуэхэр цIыху мини 5-м щIигъуу щытащ, мы гъэм - мини 4-м. Бжыгъэр процент 14 хуэдизкIэ ехуэхами, 2026 гъэм и мазибгъум къриубыдэу КъБР-м и бюджетым сом мелуан 344-м щIигъу къыIэрыхьащ, ар нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэм нэхърэ нэхъыбэщ. Къэжэрым зэрыжиIамкIэ, мы Iуэхум республикэм и министерствэ, Iуэхущlапlэ псоми я нэIэ тетщ Iэпхъуэшапхъуэм я бжыгъэр зыхуэдизын хуейр зыгъэбелджылы хабзэр зэрагъэзащIэм.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Шэт Анатолэ. Ар къытеувыIащ визэкIэ фIэкIа къыздимыкIыф къэралхэми визэншэхэми щыщ IэщIагъэлIхэм лэжьэну хуит зыщI тхылъхэр зэрырат щIыкIэмрэ бжыгъэхэмрэ, Iэпхъуэшапхъуэм ехьэлIа бгъэдыхьэкIэм щIэуэ халъхьэм.

ЗэIущIэм я Iуэху еплъыкIэ къыщагъэлъэгъуащ КъБР-м щыIэ МВД-м Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Бэрсэдж Руслан, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Джамболэт сымэ.

Апхуэдэуи къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ лэжьыгъэм теухуауэ щыIэ хабзэм ебакъуэр къызэрыщIагъэщым, хабзэм къемызэгъэу щIыналъэм къихьэхэр къызэрахутэ щIыкIэм, хуит зыщI тхылъхэр ирамытыныр къызыхэкI щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм.

Депутатхэр хэплъащ хамэ къэралхэм кIыкI цIыхухэм ди щIыпIэм щалэжь щIэпхъаджагъэхэм, гражданствэ къалэрыхьэн папщIэ, нэчыхь нэпцIхэр зэрырагъэтх, УФ-м къыщалъыхъуэ щIэпхъаджащIэ яхэт-яхэмытыр зэрызэхагъэкI щIыкIэм, нэгъуэщIхэми.

«СтIол хъурейм» кърикIуэхэм япкъ иткIэ, Iуэхущlапlэхэр зэлэжьыпхъэхэр ягъэбелджылащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэфIхэмрэ илъэс куэд хъууэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщIэ «КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэ Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ мы къыкIэлъыкIуэхэр гъэпэжэн:

ЛIуп Тимур Хьэдил и къуэм - «Сату-технологие» факультетым и деканым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщын

Баккуев Эльдар Сэфар и къуэм - «Экономикэмрэ Iуэху зехьэкIэмрэ» факультетым и деканым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2026 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м
№109-УГ



Лъэпкъым и къуэ щэджащэ

КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, адыгэ литературэм и классик, усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ, егъэджакIуэ, журналист Щоджэнцlыкlу Алий къызэралъхурэ илъэси 126-рэ зэрырикъум теухуа пэкIу дыгъуасэ екIуэкIащ. Ар къыщызэрагъэпэщащ усакIуэшхуэм и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и пщIантIэм дэт и фэеплъым деж.



ПЭКIУМ зыкъорагъэхьэлIащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я лIыкIуэхэм, республикэм и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм, тхакIуэхэм, усакIуэхэм, лъэпкъ интеллигенцэм, Алий и тхыгъэхэр фIыуэ зылъагъухэм, студентхэм, еджакIуэхэм, и благъэхэм, Iыхьлыхэм. Республикэм и курыт еджапIэхэм щIэс ныбжьыщIэхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи гъэхуауэ къеджащ Щоджэнцlыкlу Алий Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр къызыхэщ «Нанэ», «Iуащхьэмахуэ», нэгъуэщI усэхэми.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин пэкIум къекIуэлIахэм фIыщIэ яхуищIащ, псом хуэмыдэу Щоджэнцlыкlу Алий къыщалъхуа Бахъсэн къалэм и лIыкIуэхэм, щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм. Министрым и псалъэм къыхигъэщащ адыгэм ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъуэ, лъэпкъ литературэм и лъабжьэр гъэтIылъын къалэн мытыншыр зи пщэ къыдэхуа, щэнхабзэр зыгъэбеягъэм ящыщ Щоджэнцlыкlум и тхыгъэхэм щымыгъуазэ зэрымащIэр, усакIуэм куэд къимыгъэщIами, адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар, лъэпкъым къытхуигъэна щIэинхэр зэрызэIэпахыр, республикэм исхэм ар зэращымыгъупщэр.

- Щоджэнцlыкlум урыс усакIуэхэм я усэ гъэпсыкIэм яжь къыщIихуами, лъэпкъ усэ гъэпсыкIэр ихъумэн, абы зригъэужьын хузэфIэкIащ. Алий къыщIэнащ адыгэ литературэм и курых хъуа, усэбзэкIэ итха «Къамботрэ Лацэрэ» романыр, поэмэхэр, усэхэр, Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Горький Максим, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэм ящыщу адыгэбзэкIэ зэридзэкIахэр. Гъащlэ мащlэ зыхуиуха, зэман гугъум халъхуа Алий уэсят пэлъытэу итха «Налшык» усэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ. Курыт еджапIэм адыгэбзэр щезыгъэдж Щоджэнцlыкlум хьэрыпыбзэр, тыркубзэр, франджыбзэр, эсперантэр ищIэрт. Зи ныбжьыр илъэс 17-м иту лъэпкъ литературэм лъэ быдэкIэ хыхьа Щоджэнцlыкlу Алий и лэжьыгъэхэр щIэныгъэлIхэм нэсу къахутэну иджыри хунэсакъым. 1941 гъэм усакIуэшхуэр фронтым кIуа нэужь гъэру яубыдащ икIи зауэм и япэ бжыхьэм Бобруйск щыIэ концлагерым щылIащ. Ар зэи лъэпкъым ттщIупщэнукъым. Лъэпкъым и къуэ щэджащэ Щоджэнцlыкlу Алий и щIэинхэр ноби балигъхэм я гъуазэщ, щIэблэр абы щIапIыкI. Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэм и фIыгъуэхэм ящыщ хъуащ абы и Iэдакъэщlэкlхэр. Ахэр гъэнщIащ и щIыналъэм, цIыхубэм, и лъэпкъэгъуэхэм яхуиIа лъагъуныгъэ мыкIуэщIыкIэ, гуапагъэмрэ хуабагъэмрэ. И усэхэмрэ поэмэхэмрэ къызэщIаубыдэ адыгэпсэм и къулеигъэр, и къабзагъэр, дахагъэр, захуагъэр, къызыхэкIам и тхыдэр, лъэпкъым зэрыхуэпэжыр. Абы зыхищIэрт къыдалъхуахэм щIэныгъэ етынымкIэ жэуаплыныгъэ зэрихьыр, - жиIащ Къумахуэм.

Пэкlум хэтахэм Щоджэнцlыкlу Алий и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Адыгэ унагъуэм - адыгэ газетыр

2027 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм хуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз лъэхъэнэр къызэIуахащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:
унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1192-рэ кIэпIейкIэ 62-рэ;
фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 1087-рэ кIэпIейкIэ 58-рэ.

Ди индексыр П5894

Къэбэрдей-Балъкъэрым губгъуэ лэжьыгъэхэм щоужьэрэкI. Иджыпсту нартыху Iухыжыгъуэщ икIи, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, республикэм и мэкъумэшыщIэхэм нартыху жылапхъэу тонн мин 314,5-рэ нобэкIэ къытрахыжащ гектар мин 47-м.

АПХУЭДЭУИ сэхураныр зытращIам и зэхуэдитIым щIигъум ар щызэщIакъуэжащ икIи псори зэхэту тонн мин 15,4-рэ къытекIащ. Къищынэмыщlауэ, кIэртIофыр, къэбыстэр, бжьыныр, пхъымрэ жэгундэмрэ мы махуэхэм зэщIакъуэж икIи ахэр хъумапIэхэм щагъотIылъ.

Гъавэ къехьэлIэжыным къыдэкIуэу республикэм бжыхьэсэми жыджэру яужь щитщ икIи, зэкIэ къызэрабжамкIэ, гектар мин 60-м нэблагъэ абы хухахынущ мы гъэм. Ар нэгъабэ щыIа бжыгъэм хуэдизщ. Нобэкlэ бжыхьэсэр гектар мин 12,4-м тращIащ.

СЫЖАЖЭ Аскэр.

Гъавэ Iухыжыгъуэщ



Урысейм и ЛІыхъужьыр ягу къагъэкІыж



ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академиер, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и къэрал институтыр, КъБР-м Егъэджакіуэхэм я Іэщіагъэмрэ щіэныгъэмрэ зэпымыууэ щыхагъахъуэ и центрымрэ КъБКъУ-м и социально-гуманитар институтымрэ зэщІыгъуу жэпуэгъуэм и 27-м ирагъэкІуэкІащ Тэмазэ Тимур и лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ щытепсэлъыхьа Іэнэ хъурей.

АР КЪЫЗЭІУИХАщ икІи иригъэкІуэкІащ тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик Къэжэр Артур. ЗэІущІэм хэтащ курыт еджапІэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм я лэжьакІуэхэр, студентхэр, щІэныгъэлІхэр.

- Тэмазэ Тимур къигъэлъэгъуа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ теухуа зэІущІэ зэхэтшэным куэд дыдэрэ дегупсысащ. Курыт еджапІэм щІэсхэм тхыдэмкІэ я зэпеуэм илъэс зыбжанэ ипэкІэ къигъэлъэгъуат щІэблэр Урысейм, ди щІыналъэм и тхыдэм мыЛейуэ зэрыщыгъуазэр. Сэ а лэжьыгъэхэм сахэплъэжьын хуейуэ къысхуихуати, гу лъыстащ ди щІалэгъуалэр тхыдэм фІыуэ щыгъуазэми, лІыхъужь хэубыдыкІахэр зэрамыцІыхур, абыхэм ягъэлъэгъуа лІыхъужьыгъэм зыри зэрыхамыщІыкІыр, «лІыхъужь» жыпІэкІи, цІэ-унэцІэ къызэрырамыІуэфыр. Ар Іэпэдэгъэгъэл пщІынкІэ Іэмал иІэкъым. Сыту жыпІэмэ, тхыдэр – ар къекІуэкІа Іуэхугъуэхэм я закъуэкъым! Тхыдэм ецІыху лІыгъэ, хахуагъэ зыгъэлъэгъуа нэрыбгэ щыпкъэхэри, а тхыдэр зыгъэхъэжахэр. Абы къыхэкІкІэ, УФ-м и ЛІыхъужь Тэмазэ Тимур къыщалъхуа махуэм ирихьэлІэу мы Іэнэ хъурейр къызэдгъэпэщыну унафэ тщІат, - жиІащ Къэжэрым.

ЛІыхъужьыр къызыхэкІа унагъуэм, курыт еджапІэм зэрыщеджам, и Іэщіагъэ-щІэныгъэу щытам тепсэлъыхьащ Къэрэгъэш къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м и унафэщІ Шал Марьянэ.

- Урысей Федерацэм и ЛІыхъужь Тэмазэ Тимур гъащІэмащІэт. Ауэ абы къигъэщІа илъэс 32-м къриубыдэу цІыхугъэм, хахуагъэм, лІыгъэм, щыпкъагъэм я щапхъэ дахэ хъун, цІыхубэм я гум фІы защІэкІэ къинэжын хузэфІэкІащ. Тэмазэм и гъащІэ гъуэгум уриплъэжмэ, къыбгуроІуэ укъэзыхъуреихь цІыхухэм, уезыгъэджахэм, ущеджам, къыхэпха Іэщіагъэм цІыху щытыкІэмрэ и хьэлымрэ зэраубзыхур. Тэмазэ Тимур Къэрэгъэш къуажэм къыщалъхуащ 1990 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м. Ар быным я нэхъыщІэти, хабзэ дахэм, зэгурыІуэм, пщІэ-нэмысым щІапІыкІат. Тимур и ныбжьыр илъэс 15-м нэблэгъауэ и адэр дунейм ехыжат. А гузэвэгъуэм щІалэщІэм и плІэм къалэнышхуэхэр къыдилъхьащ, имычэзууи балигъ ищІащ. Унагъуэрысхэр хъумэн, къащхьэщыжын хуейуэ зыгъэува Тимур, илъэс зыбжанэ дэкІыу, дзэ Іуэхум хуеджэну щытриухуэм, Іыхьлым къыдаІыгъащ. Арауэ къыщІэкІынущ Тэмазэм хэлъа жэуаплыныгъэмрэ хахуагъэмрэ я къежьапІэр. 2008 гъэм Тимур курыт еджапІэр къиухащ. Абы къыдеджахэмрэ езыгъэджахэмрэ жаІэж щІалэм псоми я дзыхь кърагъэзу, хейм къыщхьэщыжу, и псалъэ иІыгъыжу, сытым дежи лІыгъэ хэлъу зэрыщытар. А илъэс дыдэм щІалэр щІэтІысхьащ Рязань щыІэ хьэуа-лъэсыдзэ училищэм - дзэ Іуэху нэхъ хьэлъэ дыдэхэр зезыхьэ командирхэр щагъэхьэзырым. Къыхиха ІэщІагъэмкІэ ехъулІэныгъэфІхэр зригъэгъуэтат Тэмазэм икІи 2022 гъэм и мазаем щыщІэдзауэ дзэ Іуэху хэхам хэтащ Тимур. Алъандэрэ зыхуеджамрэ зригъэгъуэта зэфІэкІхэмрэ къыщысэбэпа мардэт а лъэхъэнэр. Ар и унафэщІу щытащ «Шторм» отрядым, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ, къапщтэмэ, псом нэхърэ нэхъ лэжьыгъэ хьэлъэр зыгъэзащІэ гупым, - жиІащ Шалыр къыщыпсэлъам.

Зэрыжаlэмкlэ, 2022 гъэм фокІадэм и 11-м лІыхъужьыр зи унафэщІ гупым сыхьэт бжыгъэкІэ зэтраІыгъащ къебгъэрыкІуа, езыхэм нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэ хъу биидзэр. А зэпэщІэтыныгъэм Тэмазым уІэгъэ хьэлъэ щигъуэтами, дэІэпыкъуэгъуэхэр къэсыху зиІыгъащ, и унафэ щІынри зэпигъэуакъым. Дэlэпыкъуэгъуэр къэсу абыхэм яІуплъа нэужьщ щІалэр щымэхар. ИкІи игъуэта фэбжьым къахуемыгъэлу, сымаджэщым щІэлъу и псэр хэкІащ, махуих дэкІауэ.

Тэмазэм къигъэлъэгъуа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщІэ УФ-м и Президентым и унафэкІэ 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м къыхуагъэфэщащ Урысейм и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр (дунейм ехыжауэ кратыжащ). 2023 гъэм щІышылэм и 17-м Тэмазэм и унагъуэм иратыжащ «Вагъуэ Плъыжь» медалыр.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

КъэкІуэнур зейхэмрэ щэнхабзэ лъапІэныгъэхэмрэ

Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым «Кавказым и купщІэхэр» зи фІэщыгъэ щІэныгъэтэр иджыблагъэ щекІуэкІащ. Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэныр Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкІуэ щэнхабзэ лъапІэныгъэхэм траухуащ.



КАВКАЗ щІыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, зэрахьэ хабзэхэм, я жылагъуэ зэхэтыкІхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къэзыхутэ щІэныгъэлІхэр зыхэта зэхуэсыр теориерэ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ гъэнщІат, «къэхутакІуэрэ» «гъэнэхуакІуэрэ» унэтІыныгъитІым тещІыхьа псалъэмакъ щхьэпэхэмкІи къызэгъэпэщат.

ЩІэнІуатэм кърихьэлІащ КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министерствэм щІалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и кІудамэм и унафэщІ Балэ Олег, КъБКъУ-м дунейпсо тхыдэмкІэ и кафедрэм и доцент Тумэ Аскэр, Жылагъуэ къэхутэныгъэхэмкІэ институтым узэщІакІуэ лэжьыгъэхэмкІэ и Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къудэдз Савельев Георгий сымэ. Абыхэм я псалъэмакъым къызэрыхэщамкІэ, кІуэ пэтми къызэщІэплъэурэ дунейм къыщекІуэкІ Іуэхугъуэхэм ятепщІыхьмэ, щІэнІуатэм жылагъуэ-политикэ икІи экономикэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, тхыдэ щІэныгъэм и практикэ къарум хигъэхъуэнуи Іэмал кърет.

ЩІэнІуатэм хэтхэм КъБР-м щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министрым къыбгъэдэкІыу фІэхъус псалъэкІэ захуэзыгъэза Балэ Олег зэрыжІамкІэ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр гъунэгъу зэхуэзыщІ, абыхэм я зэхуакум дэлъ зэпыщІэныгъэхэр зыгъэбыдэ сыт хуэдэ жэрдэмми пщІэ хуэфащэщ.

«Ди лъэпкъхэр игъащІэми зэгъунэгъуу, я гуауи я гуфІэгъуи зэдагуэшу зэдопсэу. Сыт хуэдиз щхьэхуэныгъэ я щэнхабзэм, лъэпкъ щІэжым, дуней еплъыкІэхэм хэмылъми, ахэр щопсэу зы щІыналъэ, зэдагуэш зы тхыдэ. Дэ ди пщэрылъщ ди щхьэхуэныгъэхэм я мызакъуэу, дызэзышлІэхэми теткъуэзу лэжьыгъэ едгъэкІуэкІыну, къытщІэувэ щІэблэр зэгъусэу, зы гуращэ зэдаІэу къэкІуэным хуедгъэплъэкІыну. Кавказым щыпсэу лъэпкъыбэм я щэнхабзэм хэлъщ цІыхугъэр, хьэщІагъэр, гумащІагъэр, зэхуэгъэкІуатэр – мыхэр, шэч хэмылъу, пкъощІэсэ хьэзырщ лъэпкъхэми Кавказми я купщІэр къэзыгъэлъагъуэ нэщэнэхэр, дамыгъэхэр зэхэгъэувэнымкІэ. Си фІэщ мэхъу зэІущІэр купщІафІэу зэрекІуэкІынур, зыхуигъэувыж къалэнхэр екІуу зэригъэзэщІэнур», – жиІащ Балэ Олег.

КъаІэта псалъэмакъ купщІафІэхэм ящыщу куэдым гъэщІэгъуэн къащыхъуащ УФ-м Хамэ къэрал Іуэхухэмкlэ и министерствэм сыт яп1э ищми, сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэм гулъытэ нэхъ игъуэтми къэхутапхъэщ. Дауэ ар къызэрыхэгъэщыпхъэр? Хэкlыпlэ зыбжанэ щыlэщ. Курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ1апІэхэм тхьэмахуэ къэс «Нэхъыщхьэм теухуа псалъэмакъэр» щрагъэкІуэкІ, еджапІэ нэхъыщхьэхэм «Урысей къэралыгъуэм и лъабжьэхэр» зи фІэщыгъэ дерсыр щІалэгъуалэм ират. Къищынэмыщlауэ, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэ куэд щыlэщ, лъэпкъхэм я щэнхабзэ лъапІэныгъэхэм трагъащІэу лэжьыгъэр къызэрагъэпэщу, дунейм къыщекІуэкІ Іуэхугъуэхэр а лъапІэныгъэхэм япкъ иткІэ зэрагъэзэхуэфын хуэдэу ныбжьыщІэхэм Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр драгъэкІуэкІыу. ИкІэм-икІэжым, дэ псори дызыхущІэкъур зыщ: ди къежьапІэхэр тхъумэныр, къэрал политикэмрэ цІыхубэм я дуней лъагъуэкІэмрэ гъунэгъу зэхуэтщІынырщ, абыхэм фІыуэ хэзыщІыкІ икІи иригъэзэф щІалэгъуалэ кадрхэр гъэхьэзырынырщ», – къыхигъэщащ Савельев Григорий.

Тумэ Аскэр и къэпсэлъэныгъэр теухуат Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я къежьапІэмрэ щІыналъэм и этнополитикэ тхыдэмрэ.

«ЩІэныгъэм куэд лъандэрэ щызэфІэува Іуэху еплъыкІэм ипкъ иткІэ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр гупитІу зэщхьэщагъэкІ: щІыдэлъху лъэпкъхэмрэ тхыдэ къэхъугъэ зэмылІэужьыгъуэхэм яужькІэ къэкІуа лъэпкъхэмрэ жиІэу. Псоми зэрытщІэщи, щІыдэлъху лъэпкъхэр щІыналъэм къыщекІуэкІ политикэ гъащІэм нэхъ куууэ хэпщІащ, абы и къызэгъэпэщыкІэ хъунум нэхъ жану хохьэ, лъэпкъ Іуэхум щынэсам деж, цІыхубэр нэхъ зэкъуегъэувэ. Абы къыхэкІыу Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкІэхэр, Іэмал зэрилъэныгъэх

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Бзэ политикэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэр

УФ-м и Президент Путин Владимир Іэ щІидзащ «Къэралым иригъэкІуэкІ бзэ политикэм епхауэ, 2025 гъэм, бадзэуэгъуэм и 11-м къащта унафэ №474-м зэхъуэкІыныгъэ зэрыхалъхьэм теухуа» дэфтэрым.

ЭКСПЕРТХЭМ зэратхымкІэ, унафэщІэм урысыбзэмрэ къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэмрэ я щытыкІэм теухуауэ къулыкъущІэхэм отчёт зэратыну щІыкІэм зрегъэубгъу. Дяпэкlэ абы хагъэхьэнущ бзэ щхьэхуэм зиужьынымкІэ жэуап зыхь къулыкъущІэхэм я лэжьэкІэр къэзыпщытэ нагъыщэхэмрэ абы епхауэ цІыхухэм яІэ хуитыныгъэхэр зэраІэрыхьэмрэ.

Правительствэм гъэ къэс отчёт убгъуа игъэхьэзырынущ урысыбзэмрэ къэралым ис лъэпкъхэм я бзэмрэ я Іуэху зыІутым теухууэ.

Отчётым хиубыдэнущ щытыкІэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэхэр, дэтхэнэ зы бзэми епха къэпщытэныгъэхэр, узыпэплъэ хъунухэр, щытыкІэм узыхуишэр. Къинэмыщlауэ, дэтхэнэ зы къулыкъущІэми бзэ политикэр зэрыригъэкІуэкІыр наІуэ къащІынущ.

Правительствэм щхьэхуэу зэпкърихынущ урысыбзэмрэ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэмрэ цІыхухэм къызэрагъэсэбэпыну щІыкІэр зезыгъакІуэ хабзэхэр, а бзэхэр къагъэсэбэпыну хуит зэрищІ мардэри зэхагъэкІынущ.

Илъэс къэс ягъэхьэзырыну отчётым елэжьынущ къэрал, щІыналъэ, щІыпІэ къулыкъущІэхэр.

Иджыри къэси ящІу щытащ а илъэс отчётыр, ауэ иджы абы хэтыну Іыхьэхэр яубзыхури, парламентым и палатитІми ягъэхьащ. Ар илъэс къэс, накъыгъэм и 1-м ирихьэлІэу, Къэрал Думэмрэ Федерацэмкlэ и Советымрэ я пащхьэ иралъхьэну я къалэнщ.

Урысыбзэмрэ Урысейм ис лъэпкъхэм я бзэхэмрэ защІэгъэкъуэнымкІэ Президентым и советыр Урысыбзэмкlэ дунейпсо зэгухьэныгъэм дэІэпыкъунущ ар лъэпкъхэм зэдай бзэ ищІынымкІэ. Унафэщlэм къару игъуэтакІэщ.

Поэмэ нэхъ кІыхь дыдэмрэ адыгэхэм я тхыдэмрэ

Литературэм спорт ехъулІэныгъэхэр къызэрапщытэ Іэмалкlэ убгъэдыхьэ хъуну къэплъытэмэ, «поэмэ нэхъ кІыхь дыдэ» зыфІаща Іэдакъэщlэкl дунейм къытехьауэ жаІэ. «Иджырей урыс литературэм рекордыщІэ щагъэуващ» псалъэухам мащІэу укъегъэуІэбжь, дауи, сыту жыпІэмэ, щІэныгъэмрэ зэчиймрэ «къыщІагъэкІ хьэпшыпхэм» зэрабгъэдыхьэр нэгъуэщІ пщалъэщ.

ИТІАНИ, хъыбарыр лъэныкъуэ гуэркІэ адыгэхэми къытлъэІэсу къыщlэкІащи, ди щІэджыкІакІуэхэри хэднынкъым Осетие Ипщэм щІыхь зиІэ и артист Чернышевич Станислав «1517. Мишелрэ Дианэрэ» зыфІища Іэдакъэщlэкlым и хъыбарым.

«Литературэ рекорд» зи гугъу тщІы тхыгъэм фІащыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар ар «нэгъэсыпауэ рифмэкІэ зэгъэкІуа сатыр мин 20» зэрыхъурщ. «Илъэс 246-рэ хъуауэ урыс литературэм а рекордыр щакъутэфакъым, - дыкъыщоджэ хъыбарегъащІэм. - Щапхъэм и хьэтыркІэ, Гомер и «Илиада»-р зэрыхъур сатыр 15693-рэщ. Америкэм щыцІэрыІуэ Мелвилл Герман и поэмэ кІыхьышхуэр сатыр 18273-м нос. Чернышевичым къехъулІар «Урысейм и рекордхэр» тхылъым ихуащ икІи Къухьэпlэ Европэм щатха поэмэ кІыхь дыдэхэм хабжащ».

Тхыгъэр зытепсэлъыхь Іуэхугъуэм 1517 гъэм къыщыщІедзэ. Зауэ куэд щекІуэкІа, иужькІэ цІэрыІуэ хъуа лІыхъужьхэр тхыдэ утыкум кІуизыша а лъэхъэнэр къызэрымыкІуэу къалъытэ. Мишелрэ Дианэрэ теухуа хъыбарыр езы усакІуэм къигупсысащ, тхыдэр тегъэщІапlэ ищІауэ щытми. Тхылъым Іыхьэшхуэ щеубыд Мысырымрэ Сириемрэ зыщызыубгъуа адыгэ мамлюкхэм зэрахьа лІыгъэм. Авторым къегъэщхьэпэ Къанщауэ Гуррэ Тумэн-бей ЕтІуанэмрэ Уэсмэн тепщэгъуэм пэщІэту, Мысырым и щыхьэр Каир зэрахъумар.

Къару абрагъуэу уэсмэныдзэр
Каир къыдыхьэрт хы толъкъуну.
Щlы зытеувэр ягъэзджызджу,
Іуплъам иныжьхэу къыфІэщІынут.
Іэщэр кърахмэ, щысхь ямыІэу,
Зэтраукlэрт псэ зыІутыр.
Пшэплъ къуэмыхьэж щхьэщытт Мысырым,
МафІэсым къелыр сэм иуІэу.

Тхыдэм зы мащІэ фІэкІа хэзымыщlыкlри щыгъуазэщ мамлюкхэм я деж щыцІэрыІуэ «фурусие» дзэ къудамэм. Ар шуудзэ зэгъэпэщыкІэщ, зауэлІым шыр зэхэуэм къыщигъэщхьэпэу зэрызигъасэрщ. Чернышевичым поэмэм мы Іуэхугъуэм гулъытэшхуэ щритащ. КъызэрыщlэкlымкІэ, езы усакІуэр шы гъэсэным хуеджащ, а Іуэхум нэгъуэщІхэр иригъэсэнми хуэІэзэщ.

«Сызэрыцlыкlу лъандэрэ гу лъызотэ шы лъэпкъ щхьэхуэхэр дзэм къыщыбгъэщхьэпэным зэрынэхъ хуэщІар: хьэрыпышыр, ахалтекинхэр, адыгэшыр, - етх Станислав. – Ахэр макъышхуэм щышынэркъым, бгъэсэн ипэкІи лъагъуэр яхуф. Апхуэдэу сыту пІэрэ щІыщытыр жысІэри, къэсщІэну яужь сихьати, ахэр пасэрей шы лъэпкъыжьу къыщlэкІахэщ, зауэзэрыл куэдым хэтауэ. Арати, эпосыр щыстхым, шыкІэ щызэзауэ Іыхьэ зыбжанэ хэзгъэхьащ. Псалъэм папщІэ, Къанщауэ Гъур Мардж Дэбикъ деж Сэлим Езанэм зэрыщыпэщlэтар».

СулътІан Къанщауэ лІыхъужь губгъуэм
Итщ, зауэлІ минхэр къыдэщІыгъуу.
Батэ щегъэш зауэзэрылІым,
Хамэ щІыналъэм къыщхьэщыжу.
Адыгэ щылъхут мамлюк пащтыхьыр,
Чэщанэм къыщlэкІа шэрджэсыр
Унафэм кууэ егупсысырт,
Іэдэб дэплъагъурт, шым щышэскІэ.

«Сэ шэрджэс мамлюкхэм пщІэшхуэ яхузощІ, сыт хуэдэ зэхэуэми хахуэу зэрыхэтам папщІэ, - жеІэ Чернышевичым. – Абыхэм я лІыгъэр къыздрахар къэпщІэн папщІэ, пасэрей тхыдэм ухэджыхьыпхъэщ. Уэсмэн сулътІаныр шэрджэс сулътІанхэм щІатекІуар жыжьэрыуэ Іэщэхэр къагъэщхьэпати аращ, ауэ щыхъукІэ, мамлюкхэм мафІэрыуэ Іэщэ къэбгъэсэбэпыныр яфІэикІагъэт, ар хэмыту, ди лІыгъэр къэдвгъэгъэлъагъуэ, жаІэрт. Шэрджэсхэм я шуудзэм дуней псом пщІэ къыщыхуащІу, къаруушхуэ иІащ, сулътІанхэм я унафэм щІышхуэ щІэтт, хыдзэ нэгъунэ яІэу. Сыти жыІэ, Урыс империем куэдкІэ къыкІэрымыху къэралыгъуэ яухуауэ щытащ мамлюк адыгэ сулътІанхэм.


Бурджиткlэ зэджэ шэрджэс тепщэхэм зи унафэ зэрагъакІуэ щІы псори километр зэбгъузэнатІэ 1200000-м щегъэжьауэ 2100000-м нэсырт. Ар зыхуэдизыр уи нэгум къыщІэбгъэхьэн папщІэ, иджырей Сауд Хьэрычымрэ Франджы къэралыгъуэм хуэдизу щырэ зэхэплъхьэн хуейщ. Сытми, адыгэ мамлюкхэм КъуэкІыпІэ Гъунэгъум ищІхэм я нэхъыбэр яІэщІэлъащ».

А хъыбарым къыдэкІуэу, Чернышевичым и поэмэм къыхоувэ Мэзкуу пащтыхьыгъуэмрэ Кавказымрэ зэрызэрыубыда щІыкІэр, къэбэрдей пщышхуэ Идаррэ абы и къуэрылъху хъыджэбз Гуащэнэрэ я хъыбарыр. Пщащэм и дахагъымрэ и Іущагъымрэ къыхэкІыу, Грозный Иван ар 1561 гъэм щхьэгъусэу ишауэ щытащ.

Пщым и къуэрылъху Гуащэнэ дахэ
Нэр игъэджылу тхьэІухудт.
И макъыр псыІэрышэу гуакІуэт,
НапІэр къиІэтмэ, вагъуэ лыдт.
Пщащэр Урысеишхуэм яшэ,
Иван Мэхъаджэм и щхьэгъусэу,
Пщыр зытхьэкъуа адыгэ гуащэм
Мариещ цІэуэ къыфІащынур.

Чернышевич Станислав 1965 гъэм Рубцовск къалэм дунейм къыщытехьащ. Липецк дэт политехникэ институтыр къиухащ, инджылызыбзэмкІэ зэдзэкІакІуэщ, Осетие Ипщэм щІыхь зиІэ и артистщ. Иужьрей зэманым литературэ лэжьыгъэм зритащ.

«Мишелрэ Дианэрэ» поэмэр литературэм елэжь интернет хэщІапІэхэм пщІэншэу щывгъуэтынущ.



«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**





Мыщхьэх дахащІэщ

***КІэрашэ Данэ Адыгейм, Куэшхьэблэ** унагъуэм хуэгумэщlэныр, лъэпкъым и сэбэп зыпылъ Іуэхухэм яужь итыныр. Ар цІыхур зыгъэбжьыфІэ хьэл-щэнхэм ящыщщ. Ди зэманым а хабзэхэм утетыну апхуэдэуи тыншкъым: псоми егъэлеяуэ псынщІэу зэрызихъуэжыр; къалэхэм щыІэ зэхэтыкІэр; Іэхуищlафэкlэ цІыхугъэ зэхуэхъухэм я гупсысэмрэ лъэпкъым хуаІэ еплъыкІэмрэ щызэтемыхуэ къызэрыхъур къэлъытэн хуейщ. Иджырей зэманым лъэпкъым къыдекІуэкІ гугъуехьхэм ящыщщ бзэр хъумэныр. Абы къикІыр нэхъыжьхэр анэдэлъхубзэм ирипсэлъэным и закъуэкъым, атІэ ар нэхъыщІэхэм фІыуэ ирагъэлъагъунырщ. Унагъуэм адыгэбзэкІэ щыпсэлъэныр, абы ис нэхъыжьхэр лъэпкъым, щэнхабзэм епха Іуэхухэм щІэх-щІэхыурэ тепсэлъыхьыныр куэд и уасэщ. Армырамэ, нэхъыжьхэмрэ щІэблэмрэ зэпызыщІэ зы къуэпс зэпоч. ЖысІэнуращи, щІэблэм бзэр Іурыплъхьэныращ уадыгэным и къалэн нэхъыщхьэр.*

- ЩІэблэм анэдэлъхубзэр нобэ зэрищІэм арэзы укъищІрэ?

- Адыгэ щІэблэм бзэр зэраІурылъыр зыхуэдизыр белджылы дыдэу къэплъытэфыну къыщІэкІынукъым. Къуажэдэс сабийхэм махуэ къэс зэхах анэдэлъхубзэр, абы иропсалъэ, унагъуэхэм адыгэм къыдекІуэкІ псэлъафэхэр щыжаІэрейщ. Ауэ апхуэдэу тыншу дэтхэнэ унагъуэми бзэмрэ щэнхабзэмрэ щахуэхъумэркъым. Адыгэбзэр къегъэлэн къалэныр куэдрэ пщэрылъ яхуохъу бзэр щадж школхэмрэ гупжьейхэмрэ, адыгэбзэмкІэ дерсхэм, щэнхабзэр хъумэным телажьэ Іуэхущlапlэхэм, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм. Нобэ щІалэгъуалэм къалъыхъуэ бзэри хабзэри зыщІэ адыгэу къызэрынэфынум и Іэмалхэр. Зым и дежкІэ ар адыгэ къафэщ, нэгъуэщІымкІэ - адыгэбзэ дерсхэрщ, адыгэ Іэщlагъэжьхэм зезыпщытри мащІэкъым. Къапщтэмэ, адыгэбзэмкІэ дерс къудейхэм нэхърэ къавпэкІуэр нэхъыбэщ бзэмрэ щэнхабзэмрэ щызэдэщІыгъу Іуэхухэу адыгэ дунейм пэгъунэгъухэм.*

- Бзылъхугъэ фащэ уи лэжьыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуащ. Абы узытхьэкъуу хэлъыр сыт?

- Адыгэ бзылъхугъэм и дахагъэр и нэмысырщ, и псэм и гуапагъэрщ, укІытэу хэлъырщ. Лъэпкъ щэнхабзэм нэІурыту къыхощ бзылъхугъэр зыгъэдахэр: ар хуэму зокІуэ, и бгыр псыгъуэщ, щабэу мэпсалъэ, мащІэу погуфІыкІ. Мис а зи гугъу тщІы теплъэ дахэр нэхъри екІу ещІ бзылъхугъэ адыгэ фащэм. Фащэм и дыкІэр тещІыхьащ бзылъхугъэм и нэмысым. Гъэщlэгъуэнщ, ауэ аращ ар егъэлеяуэ щІэдахэри. БгъэІулъым, Іэщхьэпылъым, пыІэм я мыхьэнэршэ?! Фащэр нэхъри теплъафІэ ещІ ар дыщэ, дыжьын Іуданэхэмкlэ зэрыхэдыкІами.

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

Гъуэгухэр къагъэнэху

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэ, муниципальнэ гъуэгуу псори зэхэту километр 70-м щІигъу къызэщІагъэнэхуэнущ дызыхэт илъэсыр и кІэм нэсыху. Йджырей уэздыгъэхэмкІэ ахэр къызэщІагъаблэ республикэм и гъуэгу инфраструктурэр егъэфІэкІуэнымрэ зегъэужьынымрэ, машинэхэр зезыгъакІуэхэмрэ лъэсрыкІуэхэмрэ я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным япкъ иткІэ.

ПСАЛЪЭМ къыдэкІуэу, иджырей уэздыгъэхэр щыпадзэнущ Белоглинскэ, Эльтюбю, Булунгу, Чыщбалъкъ, Джэрпэджэж, Хьэмидей, Уэзрэдж, Анзорей, Красноармейскэ, Опытное, Псыгуэнсу, Солдатскэ, Мир къуажэхэм, Нарткъалэ - Аруан - Рыбоприемник автомобиль гъуэгум, Прохладнэ къалэм хуэкІуэ автомобиль гъуэгум щхьэщыкІ Іыхьэм.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, 2019 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгуу псори зэхэту километр 440-м нэблагъэ иджырей уэздыгъэхэмкІэ къызэщІагъэблащ.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щызэхаублэм деж псом япэу къалъытэр цІыхухэм я лъэІухэмрэ къуажэхэр абыхэм зэрыхуэныкъуэмрэщ, щыжаІащ КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм.

СЫЖАЖЭ Аскэр.



Озчивит Бурак Адыгейм щагъэхьэщlащ



Щэнхабзэм теухуа жэпуэгъуэ хъыбархэм ятекІуащ тырку актёр Озчивит Бурак Мейкъуапэ зэрыщыІар. «Тырку сериалхэм я макъамэр» зыфІаща концертыр къызэригъэпэщащ «Гъуазджэмрэ щІэныгъэмрэ» проектым и унафэщІ Макеровэ Сусаннэ.

СУСАННЭ Урысейм и Лъэпкъхэм я унэм долажьэ, дунейпсо щэнхабзэр зэзыпх зэІущІэхэр, пшыхьхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр егъэхьэзыр. «Лъагъуныгъэ хьэлъэ», «ЛІэщІыгъуэ телъыджэ», «Уэсмэн къэралыгъуэ», къинэмыщІ сериалхэмкІэ цІыхухэр къыдэзыхьэха Озчивит Бурак жэпуэгъуэм и 17-м Мейкъуапэ къызэрырагъэблэгъари апхуэдэхэм я зы щапхъэу арат.

«Мыпхуэдэ зэІущІэхэм я мыхьэнэ нэхъыщхьэр дунейм цІыхуу тетыр зэрыпсалъэ бзэхэр, дэтхэнэ лъэпкъми къыдекІуэкІ хабзэр, гъуазджэр хъумэнырщ, ахэр зэдзэгъэлэжьэнырщ, Урысейр бей зыщІа зэщхьэщыкІыныгъэхэм я уасэр цІыхухэм зыхедгъэщІэнырщ», - жеІэ Макеровэм. - Езы Бурак куэдым фІыуэ зэралъагъум нэмыщІ, абы музыкэмрэ киномрэ зэзыпх роль куэд игъэзэщІащ, къигъэлъагъуэ лІыхъужьхэр къызыхэкІа лъэпкъхэм елъытауэ, къэрал зэмыщхьхэм я щэнхабзэр фІэгъэщІэгъуэнщ. Араща абы Урысейм къэкІуэну щІимыжагъуэр». Макеровэм фІыщІэ хуещІ артистыр Адыгейм къашэнымкІэ сэбэп къахуэхъуа Озчивит и лІыкІуэ Кулиев Замиг.

Пшыхьыр зэраухуар «артистымрэ абы итхьэкъуахэмрэ я зэІущІэ» жыпхъэм итущ. Нэгъуэщlу жыпІэмэ, хьэщІэм игъэхьэзыра гуэр утыку кърахьакъым, езыр фІыуэ зэралъагъумрэ щІалъагъумрэ къыгурагъэІуэну зэрыхэтам фІэкІа.

Фильмыр къозыгъэцІыхужыр абы щекІуэкІ теплъэгъуэхэм я щІыбагъ къыдэт макъамэрщ. Псоми зыжьэу къыхагъэщащ Адыгейм симфониемкІэ и къэрал оркестрым Бурак зыхэта фильм нэхъ цІэрыІуэхэм щыщ макъамэхэр къызэрымыкІуэу дахэу зэригъэзэщІар, абыхэм «псэ зыІут макъкІэ» зэредэІуам гукъыдэж къазэрыритар.

Актёрыр щагъэлъэпІар Адыгэ къэрал университетым и хьэщІэщышхуэрщ. Апхуэдэу зи пщІэр лъагэ, зи цІэр жыжьэу Іуа хамэ къэрал артист Адыгейм хуэдэ республикэ цІыкІум къызэрашэфар фІыщІэ зыхуэфащэ Іуэхушхуэу зэрыщытым шэч закъуи хэлъкъым. «Мыр къыщыхъур Мейкъуапэ?», «Си гур зыкІэрыпщІа артистыр си нэкІэ слъагъуну ара?» - апхуэдэ псалъэхэмкІэт ПшыхьымкІэ и гугъу зыщІыжахэм ягу зэрыхэхъуэр къызэрагъэлъагъуэр.

Дигу къэдгъэкІыжыпхъэщ Озчивит и щхьэгъусэ Эвджен Фахрие и анэмкІэ адыгэ щылъхуу зэрыщытыр. Кърагъэблэгъахэм ари хэтащ, ауэ я щІалэ цІыкІуитІыр кърашэжьэну тегушхуахэкъым.

Дэри дунейм щыцІэрыІуэ гуэрым адыгэмэ щыуауэ къэдгъащІэ закъуэ! Куэд щІащ зэлъэпкъэгъухэр «адыгэ малъхъэкІэ» зэджэ Бурак къэухьІэрыщІымкІэ шэрджэс фащэ щатІагъэу адыгэбзэкІэ зэрагъэпсалъэрэ. Ауэ иджы Мейкъуапэ щекІуэкІа пшыхьым актёрым тыгъэ щыхуащІащ «зэманым декІу» фащэ зехьэгъуафІэ. И бысымхэми къыхуэзэну къэкІуахэми гуапэу захуэзыгъэза арстистым фащэр игу зэрырихьар жиІа къудейкъым, тыгъэу ирата адыгэ кхъуейми сценэм зэрисым хуэдэу яхуедзэкъащ. Къыззгъэпэщакlуэхэм актёрым и щІыбагъым къыщагъэлъэгъуа фильм пычыгъуэхэм нэхъыбэу хагъэхьат Буракрэ Фахриерэ зэгъусэу щыджэгуа «Королёкыр уэрэдбзущ» фильмым щыщ теплъэгъуэхэр. Фахриерэ езымрэ зыхэт Іыхьэхэр и щІыбагъ къыдэту, Бурак «селфи» зыбжанэ тригъэуащ, и щхьэгъусэм и теплъэм хуэгъэзауэ, и Іэпхъуамбэхэмкlэ «гу цІыкІу» къызэригъэлъэгъуам Іэгуауэшхуэ къызэщІиІэтащ.

Бурак Озчивит Кавказым и щыпэкъакІуэкъым. «Эртугрул» сериалым дихьэхауэ щыта Кадыров Рамзан езыр Тыркум щыІэу, актёрым зыхуигъазэри, Шэшэным ириГъэблэгъауэ щытащ. Шэшэн лІыщхьэр егъэлеяуэ итхьэкъуат «Уэсмэн къэралыгъуэ» сериалым. Тырку артистхэм я шэшэн зекІуэм щытепсэлъыхьыжым, Кадыровым итхауэ щытащ: «Уэсмэн къэралыгъуэм» елэжь гупыр мы махуэхэм Грозный къалэм къытхуеблэгъащ. Шэшэным къакІуэри, пщІэ къытхуащІащ Боздаг Мехмет, режиссёр Гюнай Метин, роль нэхъыщхьэр зыгъэзащІэ Озчивит Бурак, нэгъуэщІ тырку артистхэм».

Омаев Дагун и цІэр зезыхьэ ГуфІэгъуэ сэрейм щрагъэкІуэкІа пшыхьым Шэшэн Республикэм и вагъуэхэм хьэщІэхэм папщІэ концерт щатауэ щытащ, езы Кадыров Рамзани дэтхэнэ зыри и щхьэкІэ зригъэцІыхури, гуапэу ядэуэршэрат.

Адыгэ республикэм щекІуэкІа зэІущІэм дгъэзэжмэ, пшыхьым хэтахэм я гукъэкІыжхэр гуфІэгъуэ защІэкІэ гъэнщІауэ щытми, абдежым щекІуэкІар интернетым щызылъагъужахэм жаІами зыгуэр хэлъщ. Псалъэм папщІэ, куэдым ягу ирихьакъым Адыгейм щыщ къэфакІуэхэм, артистыр сценэм зэрисым къыхэкІыу, зыкъэгъэлъэгъапІэ хуит зэрамыІар. Ар къызыхэкІар сценэр зэрыцІыкІумрэ абы оркестрымрэ Озчивитрэ ихуэ къудейуэ зэрыщытымрэт. ХьэщІэм къызыхьэ лъэпкъыр ирагъэцІыхуну хуеямэ, хэкурыс джэгуакІуэхэм зыкъэгъэлъэгъуапІэ нэхъ хуит иратыпхъэт. Къинэмыщlауэ, зэІущІэм нэхъыбэу екІуэлІар цІыхубзхэрщ. Озчивит абыхэм къахьхьа нэужь, абы нэхъуеиншэу «зэрызрадзам» куэд игъэукІытащ. Уеблэмэ оркестрым и унафэщІыр къэуІэбжьауэ къаззэрыхэплъэр кадрым кІиубыдащ. «Фи напэр зытефхыжащ», «Фи унагъуэхэм цІыхухъу имысу ара?» жаІэу видеохэм кІэщІэзытхахэр мащІэкъым.

Тырку сериалхэм я хъыбарым дыщынэсакІэ, зи етхуанэ пІалъэр фокІадэм щІидзэжа «Зэпс» («Клюквенный щербет») фильмыми дытевгъэпсэлъыхь. «Клюква»-р адыгэбзэкІэ «шэдмэракІуэщ». Ауэ фильмым и цІэр зэпхар ипэжыпІэкІэ «зэщ», и урысыбзэ зэдзэкІыгъэр мащІэу блэІэбыкІауэ аркъудейщ. Сериалым и лъабжьэ щІэлъ хъыбарыр зэщІэкІа Унал Абдулыхь и ролыр зыгъэзащІэ Мумтаз Ахъмэт и анэм и лъэныкъуэкІэ адыгэу жаІэ. Ар икІи журналистщ, цІыху гъэщІэгъуэнхэм интервьюр щІэщыгъуэхэр къаІихыу. «Си анэмкІэ сыадыгэщ», - жиІауэ ягъэхъыбар Унал Фатихь и щхьэгъусэу джэгу Кая Сераи.

Унагъуэм, жылагъуэм, хьэрычэт Іуэхум къыхыхьэ хабзэ лъэпощхьэпохэр къэпцІыхужу къыщагъэлъагъуэ сериал гъэщІэгъуэныр зэхэзылъхьэхэр иджыблагъэ яхъуэжауэ, кІуэ пэтми нэхъ щІэщыгъуэ мэхъу, дэзыхьэх цІыхухэм я бжыгъэми хэщІыркъым. ИпэжыпІэкІи, тырку фильмхэм ди псэукІэр нэхъ къыщыбоцІыхуж, къухьэпІэм щагъэхьэзырахэм нэхърэ. НэхъыжьнэхъыщІэ, мылъку хьэлэл хуэдэхэр, адэ-къуэ, анэ-пхъу зэхущытыкІэхэр къызыхэхуэмы теплъэгъуэхэм ядэбгъуэн щыІэу щытми, щапхъэ пщІыни къыщыпхуэгъуэтынущ.

Пщэдейм телажьэу

Жыгыр зыгъэдахэр пхъэщхьэмыщхьэщ, цIыхур зыгъэбжьыфIэр и Іуэхущ1афэщ, жаIэ. ФIыр зи гуращэ цIыхум и гуащIэ къихь лэжьыгъэм къигъанэ лъэужь щхьэпэрауэ къыщIэкIынущ нэхъыщхьэр. Гъуэгу зыщIым и цIэр абы къытонэ - цIыхум тыншыгъуэ къахуихьащи, сымаджэр зыгъэхъужым тхьэлъэIур хуагъэш - бынунэм я гузэвэгъуэр ящхьэщихащи, егъэджакIуэм фIыщIэ мыухыжыр хуащI - щIэблэм щIэныгъэ яритащи. Арыххэуи, дахагъэ хэмылъатэмэ, мы гъащIэм икIун цыIэнтэкъым. Апхуэдэщ лъэпкъ тхылъ зыттхэри. Абыхэм я гуащIэдэкIым къыззщIеIэтэ тхылъ зыхуатххэм я мызакъуэу, ахэр зыхэс жылэхэри - лъэпкъым хуагъэш псалъэ дахэр абыи тридзэркъэ-тIэ?!

КУЭД щIакъым Гугъуэтыжхэ я лъэпкъым теухуа тхылъыр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи дунейм къызэрытехьэрэ. Ар зи Іэдакъэ къыщIэкIар лъэпкъ Іуэхум жыджэру хэт, абы зи акъылрэ гупсысэрэ хэзылъхьэ, адыгэбзэм и къэкIуэным щIэбэн щIэныгъэлэжь, езы лъэпкъым я нысэ ХьэцIыкIу Раещ. Илъэс зыбжанэкIэ зэлэжьа тхылъыр, и къалэмыпэ къыщIэкI дэтхэнэ зы лэжьыгъэми хуэдэу, купщIафIэ хъуащ, щIэныгъэр и тегъэщIапIэу зэхилъхьащ.

«Гугъуэтыж» зыфIища къэхутэныгъэшхуэм ХьэцIыкIу Рае къыщызэщIикъуащ лъэпкъым кIикIуа гъуэгуанэм щыщу нэхъыжьхэм я гукъэкIыжхэр, щызэхилъхьащ екIуэкIа Іуэхугъуэхэр къыщIэзыгъэщыж архив дэфтэрхэр, щызэхуихьэсащ лъэпкъым и бынхэм я нэгур къызытещыж сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр. Зытепсэлъыхьыр Іупщ1 хъун хуэдэу, къудамэ къэс и лIакъуэ жыгри щIигъужащ. Шэч хэлъхьым тхылъыр зыIэрыхьэнухэм я лъэпкъым хуалэжьа Іуэхутхьэбзэр зэрызэхащIыкIынур, абы игъэгушхуэу нэхъыбэ къатIэщIыжыну иужь зэрыригэхьэнур.

«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэр щIэх-щIэхыурэ дунейм къытехьэ лъэпкъ тхылъхэм, тхыдэ къэхутэныгъэхэм, художественнэ тхыгъэхэм фыщыдогъэгъуазэ. Мызыгъуэгум Гугъуэтыжхэ я лъэпкъ тхылъым ар зытха ХьэцIыкIу Рае тедгъэпсэлъыхьмэ, лэжьыгъэм и купщIэр нэхъ къызэкIуэцIыкIыну къэтлъытащ.

Дэтхэнэ зы лъэпкъми къежьапIэ гуэр иIэщ, икIи дэтхэнэри и къежьэкIамрэ и къекIуэкIыкIамрэ Іупщ1у и нэгу къыщIыхьэну хуейщ. ЦIыхур къигъэщIащ апхуэдэу, зоупщIыж: хэт сribын, сытыр си къежьапIэ? Апхуэдэ упщIэхэм я жэуапыр къэзылъыхъуэр щIохъуэпс и лъэпкъым и тхыдэм щыгъуазэ зыщыхуищIкIэ, зэрыгушхэн, зэрыинын куэду хилъэгъуэну, зытеукIытыхьын зыри къыхэмыкIыну. Дауэ щымытми, шэч зыхэмылъыр зыщ - пэжыр ищIэну хуейщ.

Апхуэдэу, Гугъуэтыж лъэпкъми и тхыдэм цIыху къэс щиIыгъа увыпIэр, гъащIэм щигъэхъар, лъэпкъым папщIэ ищIэфар Іэмал зэрилэкIэ пэжу, нэгъэсауэ зэфIигъэувэжыну йолIалIэ. Лъэпкъым теухуа сыт хуэдэ Іуэхури къилъыхъуэжу, зэхуихьэсу щытащ Гугъуэтыж Іэсхьэд и къуэ Амырхъан. Абы пищащ, лэжьыгъэ хъарзыни зэфIигъэкIащ и къуэш нэхъыщIэ Абузед. Лъэпкъ Іуэхум емызэшу телэжьащ ТIытIу и къуэхэу Бэхьилрэ МутIалибрэ.

Къугъуэлъкъуей (Урыху) къуажэм дэс Гугъуэтыжхэм я къежьэкIар Амырхъан 1942 гъэм итхыжыгъащ лъэпкъым я нэхъыжьхэу Хьэжы-Анзор, Хьэжы-Нахъуэ, ТIытIу сымэ къызэраIуэтэжам тету. Абыхэм къаIуэтэжам къызэрыхэщамкIэ, нобэрей Гугъуэтыжхэм я унэцIэ дыдэр Тутджэрийщ. Тутджэрийхэ зыщыпсэууэ щыта адыгэ абазэ къуажэр Псыжь (Кубань) Іуфэм Іусащ, Ло пщы лъэпкъыр я тепщэу. Адэ-анэр ящхьэщымытыжу, ауэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу псэурт зэкъуэшищымрэ я шыпхъу закъуэмрэ: Гугъэт, Гугъэтыж, Гуащэхужь, ХьэщIэмахуэ.

Шыпхъур зи ишэгъуэт, къуэш ещанэр иджыри сабиит. Гуащэхужь хъыджэбз дахэти, зи нэ къытеплъэр къихьэхурт. Ар натIэрыIуапIэ къищIащ къуажэпщым. Мыдрейм абы зыщидзейрт, зи щхьэгъусэ лIауэ бынитIи къызыхуэна лIым зыпищIэну хуейтэкъым. Псом ящхьэрати, фIыуэ илъагъу щIалэ иIэт. Гугъэтрэ Гугъэтыжрэ гу лъатащ шыпхъур нэщхъеирилэ зэрыхъуам, куэдрэ гъырнэIуу зэрыщытым. КъэхъуамкIэ щыхагъэзыхьым, хъыджэбзым къиIуэтащ пщым и нэмыкIытагъэр гукъеуэ зэрыщыхъур, и арэзыныгъэми щIэмыупщIэу зыкъыхуигъэзэну пхашэу къызэрыхуиIуэхуар. «Унэм къэкIуэну жрегъэIэ а къыпхуиIуэхум, дэ абы и унафэр тщIынщ», - жаIащ зэкъуэшитIым.

Зы махуэ гуэрым пшапэр зэхэуауэ Тутджэрийхэ я уэрамыпэм тешанкIэ къыщыувыIащ, абы пщыр къикIри, щIакIуэр зэрыщыгъыу унэм щIыхьащ. ЩIакIуэр щумыхауэ цIыхубз зыщIэс пэш ущIыхьэныр нэмысыншагъэт. Аркъудейр щхьэусыгъуэу ирикъурт дэлъхухэр къригубжьыну. ЗэшитIыр пщым кIэлъыщIыхьащ, и щIакIуэпсыр и пщэм ирашэкIри ятхьэлащ. Апхуэдэр къыпхуэгъунутэкъыми, бзаджагъэм хуекIуэну мурад ящIащ. И пщым пэплъэу тешанкIэм ис шыгухур къыщIашэри, къэхъуар ирагъэлъэгъуащ. «Мыр псы Іуфэ ежэкIыжыпIэм къыщыбгъэшым тешанкIэм къиукIуриикIыу псым пфIитхьэлауэ жыIэ, я фIэщ хъун щхьэкIэ езыри псыф щIы. Зэрыбжетlэм хуэдэу умыщIмэ, уэри мыбы и ужьыр пхунущ», - быдэу къагъэгугъащ шыгухур.

Хьэдэр зейм щIалъхьэжащ, ауэ къэхъуар Тутджэрийхэ я пхъум пыщIауэ щытынкIэ шэч ящIырти, ялъ ящIэжын хуейуэ унафэ ящIащ.

Я адэм и ныбжьэгъуфIу щыта лIыр зэкъуэшхэм я фIыжыIэгъути, гузавэу къалъигъэIэсащ шэч къызэрыхуащIыр, икIэщIыпIэкIэ лъэныкъуэ зрагъэзмэ зэрынэхъыфIыр.

А зэманым лъыщIэжым зыщахъумэу щтапIэ ихьэж хабзэти, Тутджэрийхи жэщым къуажэм къыдэкIуэсыкIыну къежьащ. Гъуэгум фIыуэ хагъэщIауэ къыздэкIуэм, зы шу къалъэщIыхьащ. Ар Гуащэхужь гу зыхуищIа щIалэрат, я Іуэху зыIутыр хуиIуэхуати, къакIэлъыжауэ арат. Къригъэзэгъри, зэкъуэшхэм къагуригэIуащ я шыпхъур фIыуэ зэрилъагъур, зэрышэну псалъэ зэратауэ зэрыщытыр. ЛъаIуэрт цIыхубзыр губгъуэм ирамышэну, щхьэгъусэу къратыну. Я шыпхъум цеупщIым, абыи жиIащ щIалэм и псалъэхэр зэрыпэжыр. Я шыпхъур фIыуэ илъагъум къыхуагъэнащ. Малъхъэу къащтами мылъкукIэ гу къалъитащ, ахъшэу IэщIэлъыр къаритащ. «Гъуэгу фытохьэ, къыфпэщылъыр зыми ищIэркъым, сэбэп къыфхуэхъунщ», - кажриIат. Шыпхъум фIэфIт и дэлъху цIыкIур езым къыхуэнэмэ. Малъхъэм и унэцIэр иритыну зэгурыIуэхэри, къыхуагъэнащ, езы тIур я гъуэгу теувэжащ.

Гугъэтрэ Гугъэтыжрэ егъэзыпIэ къалъыхъуэурэ, ди щIыпIэм къыщихьам увыIэпIэ ящIауэ архивым къыхэщыр Къэмбэчокъуэmultiple Бекъан и жылэращ. Абдежым ирихьэлIэу урыс пащтыхым и указ къыдэкIат, къэрал псом зауэлI къыхэшын хуейуэ. Нэхъыбэ тегъэгушхуа хъуным папщIэ къахуигъэлъэгъуат: мазэхьэкъ къаритынущ, щхьэж къызэрыхуэлэжькIэ пщыцIэхэр къафIищынущ, зауэлI дамыгъэхэр къахуигъэфэщэнущ.

ЗэшитIым защтэри, Мэздэгукlэ яунэтIащ. Ар урыс быдапIэт, дзэм ухыхьэнумэ, арат уздекIуэлIэнур. Урысыдзэм ухагъэхьэным папщIэ чыристан диныр къэщтэн хуейт, абы пыщIат урысыцIэ къыпфIащынри. Гугъэтыж и диныр хуэхъуэжакъым, Гугъэт тегушхуэщ. Ар а Іуэхум щытегушхуэм, Гугъэтыж зэран хъуакъым, ауэ езыр абы къыщынэфынутэкъыми, Къугъуэлъкъуейкlэ къигъэзащ.

Иджырей Къугъуэлъкъуейр а зэманым псэупIэ тэмэм къалъыхъуэу зэм зы щIыпIэм, зэм адрейм щытIысырт: TIуащIэ (Войсковая) жыхуаIэм, Мэртэзей дыгъапIэрат здэщысыр. Абы иужькIэ куэд дэмыкIыу къуажэр мы иджырей щIыпIэм къэIэпхъуэри, Шогуэлэ псым IутIысхьащ. Абыи куэдрэ Іумысу Урыху Іуфэ зыкъратыжащ. Къугъуэлъкъуейм щытепщэр Къугъуэлъкъуэхэт, ауэ лъэпкъ лъэрызехьэу, къулейуэ Ерыстаухэ дэст. Тутджэрийхэ къызэрыгуэкI уэркъ лъэпкът. Абы и щыхьэтщ унагъуэм я пхъур къуажэпщым щхьэгъусэ ищIыну зэрыхуеяр. Унэ1ут лъэпкъ къыхэкIа щхьэгъусэ ищIыну зыхуэзыгъэфэщэн пщы адыгэм яIакъым. Ауэ Гугъуэтыжхэ зищIысыр къызыхэщ тхылъ Іэщ1элъакъым («Гугъэтыжыр» жыIэкIэмкIэ «Гугъуэтыжым» хуэкIуащ). Іуэхум и къекIуэкIыкIэмкIэ апхуэдэу фIэкIа хъунутэкъыми, Гугъэтыж Ерыстаухэ лIыщIэу дэуващ.

Лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбархэм я пэжагъынкIэ хъунур зэригъэзахуэурэ, Гугъуэтыж МутIалиб мыпхуэдэ гупсысэхэр къиIуэтэгъат: «ГугъуэцIыхухэм кIуапIэ ящIащ: унагъуэ-унагъуэкIэрэ, гупгупкIэрэ цIыхубз зыщIэхуоэ, хьэуа кьабзэм хэсу зыщагъэпсэху.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы пэхуэщIэр щытекIуащ къэралым цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным ехьэлIауэ 2025 гъэм ирагъэкIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэ-интернет Іэтэтым. Абы щхьэкIэ къалэдэс 3295-м Іэ яIэтауэ щытащ.

Псы къабзэкIэ къызэрагъэпэщ

Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Куба къуажэм дэсхэр псы къабзэкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр жылэм щрагъэкIуэкI мы махуэхэм. Ахэр зэфIагъэкI «ГъащIэм хуэщIа инфраструктурэ» лъэпкъ пэхуэщIэмрэ къэрал проектымрэ япкъ иткIэ.

Псы къабзэ зэрыкIуэ, жьы хъуа бжьамийхэр кIанэ щымыIэу зэхъуэкIыныр шэсыпIэ хуохъу къуажэдэсхэм псы къабзэ зэпымыууэ яIэрыхьа хъуным икIи а Іуэхугъуэхэм къызэщIрагъэубыдащ Къалмыкъым и цIэр зезыхьэ, Комсомольскэ, Степной, Надречнэ уэрамхэр.

Иджыпсту лэжьакIуэхэм бжьамийхэр зыдалъхьэну щIыр датIыкI, язныкъуэ щIыпIэхэми ахэр щаукъуэдий. Къагъэсэбэпхэри иджырей мардэм къитIасэ, зыри къащымыщIу илъэс куэдкIэ щIым щIэлъынухэм хуэдэхэрщ.

Пэхуэщ1эм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, илъэситI пIалъэкIэ ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэр зэрызэфIэкIыу, унагъуэ 750-м нэблагъэ псы къабзэ зэпымыууэ яIэрыхьэн щIадзэнущ.

МЭРШЭН Батыр.



Дзэ къулыкъум хуэпэжхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Звёзднэ посёлкэм щыIэ дзэ частыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 34-рэ зэрыхъум теухуа зэхыхьэ гуапэхэр абы щекIуэкIащ Урысей лъэпкъ гвардиер мы гъэм илъэси 10 зэрырикъум и щIыхькIэ.

МАХУЭШХУЭ Іуэхухэм щыщIидзэм, дзэ оркестрым игъэзащIэ макъамэм щIэту, гупым Дзэ Ныпыр утыку кърахьащ. Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ зыхуагъэзащ частым и унафэщIхэмрэ хьэщIэхэмрэ: Урысей гвардием и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и кIалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, полицэм и полковник ХьэщIэмыз Заурбэч, республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь Тату Казбек, щIыналъэ Парламентым и депутат Алтуев Аслъэн, апхуэдэуи хабзэхъумэ Іэнатlэхэмрэ Шэджэм районым и администрацэмрэ ящыщхэр. Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ я кIалэнхэр илъэс щэщIым щIигъуауэ екIуу езыхьэкI гупым хэтхэм я Іэщ1агъэм фIыуэ зэрыхащIыкIыр, лIыгъэ зэрахэлъыр икIи дзэ къалэным зэрыхуэпэжыр. Къыхэжаныкlа росгвардейцхэм ираташ ведомствэ дамыгъэхэр, щIыхь тхылъхэмрэ фIыщIэ зэрыхуащI дамыгъэхэмрэ.

Адэкlэ хьэщIэхэм, къулыкъум и ветеранхэмрэ дзэ къалэныр езыхьэкIхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ Урысей гвардием хэтхэм я зэфIэкIхэр ирагъэлъэгъуащ. TIасхъэщIэх гупым щыщхэми наIуэ къащIащ къагъэсэбэп Іэмалхэр. Екlуу утыку къихьащ Урысей гвардием и кинолог къулыкъум и Іэщ1агъэлIхэри: хабзэм ебэкъуар хьэ гъэсахэр ящIыгъуу зэраубыдми ирагъэплъащ зэхуэсым кърихьэлIахэр.

Махуэм и кIэухыу, дзэ къалэныр ягъэзащIэу зи гъащIэр зытахэм я фэеплъым пщIэ хуащIу, дакъикъэкIэ щымащ Іуэхум хэтахэр. Адэкlэ дзэ къулыкъур езыхьэкIэмрэ хьэщIэхэмрэ хэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

БАХЪСЭН Азэмэт.



Галереер къызэIуахыж

Илъэс зыбжанэкIэ зи лэжьыгъэр зэпызыгъэуауэ щыта «Панорама» художественнэ галереер иджыблагъэ къызэIуахыжащ.

2008 гъэм къызэIуаха «Панорама» Іуэхущ1апIэр илъэс 18-кIэ лэжьащ гъуазджэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуищIу. Къагъэщ1эрэщ1эжа галереем сурэтыщI гъуазджэм щыщ лэжьыгъэхэр, декоративно-прикладной гъуазджэм и хьэпшыпхэр, скульптурэ, графикэ, гуащэ жыпIэми, куэд къызэщIеубыдэ. Гу зылъыптэращи, классикэм къыдэкIуэу, абы щыплъагъу иджырей лэжьыгъэхэри гъэщIэгъуэнщ. Гукъыдэж къозыт мы Іэдакъэщ1экIхэр дахагъэрэ гупсысэкIэ гъэнщIащ. Дэтхэнэ зыми игу дыхьэн хьэпшып мы галереем къызэрыщигъуэтынум шэч хэлъкъым.

Галереер къызэрызэIуахыжым иращIэкIа гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьащ Црым Руслан, Аккизовхэ Сиярэрэ Имарэрэ, Иванниковэ Ольгэ, Тураев Рустам, график Уэрэзей Аслъэн, Вэрокъуэ Заур сымэ я лэжьыгъэхэр, ТхьэзэплъыжRуслан и пхъэ скульптурэхэр, Аккизовэ Имарэ и гуащэ телъыджэхэр.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин и псалъэм къыхигъэщащ гъуазджэмкIэ, щэнхабзэмкIэ уней Іуэхущ1апIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, сурэтыщI цIэрыIуэхэм къадэкIуэу, гъуазджэм япэ лъэбакъуэ хэзычэ щIалэгъуалэм я Іэдакъэщ1экIхэми абыхэм гулъытэ зэрыщагъуэтыр зэрыуасэнщэр. Министрым щIигъужащ илъэс 18 гъуэгуанэ къэзыкIуа галереер нэхъри ирагъэфIэкIуауэ къыззрызэIуахыжар куэдым гуапэ зэращыхъуар, заужьынымкIэ ядэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр.

Галереер къызэIузыха Вэрокъуэ Заур зэрыжиIэмкIэ, илъэс 20-м нэблагъэкIэ супостоянно хэтэу ар къэгъэлъэгъуэным, ар зэхэзыхам, ар зэрагъэпсэфам фIэщ1ыгъэ хуищIыну. Ар зэрыгъэлъэгъуэным папщIэ, Вэрокъуэ Заур зэрыжиIэмкIэ, Урысейм и къэралыгъуэ щIэныгъэ и Академэм и Президиумым и Къэрал премэ лауреатыр, Урысейм и Художникхэм я Союзым и Правленэм и секретарь, Урысейм и Художникхэм я Союзым и Правленэм и Президиумым и секретарь, Урысейм и Художникхэм я Союзым и Правленэм и Президиумым и председатель, Урысейм и Художникхэм я Союзым и Правленэм и Президиумым и председатель и къэралыгъуэ премэ лауреатыр